

# 5 jiyè

**Lè sa (Jezi) a li louvri lespri yo pou yo te ka konprann tou sa ki te ekri nan liv yo.** Lik 24. 45

**Nonm sa a fè tout afè l byen.** Mak 7. 37

## **Nan fontyè Gwatemala**

*Amerik Santral* : Kèk etidyan kretyen ki pale espanyòl te konsakre vakans yo pou yo evanjelize. Yo te lwe yon ti machin pou yo te ka ale travèse fontyè Gwatemala, yo t ap tann yo la nan yon rankont.

Dwàn nan te twouve l nan lòt bò rivyè a, men yo pa te konnen si yo te dwe travèse yon pon an bwa ki pa twò solid. Avèk pridans gwoup la te oblije desann machin nan pou travèse pon an a pye. Alò chofè machin nan te oblije detoune li de pon sa a, pou li desann pase bò rivyè a, pou li kouri jiska 50 kilomèt pou li te ka travèse yon lòt pon ki pi solid ak machin nan. Sa te fè li pran prèske mwatye nan jounen an ap kouri machin avan l twouve pon ki solid la.

Gwoup la te pwofite ti kontretan sa a, pou li te rasanble sou plas ki nan vilaj la pou yo fè louwanj Bondye, pandan yo t ap chante kèk bèl kantik. Majistra vil la t ap pase. Li fè yon ti kanpe pou li koute yon timoman. Apèn li avanse, li mande gwoup la pou ale kontinye chante lakay li, pou ka pale avèk madanm li k ap pran swen de timoun li ki malad.

Yo te pwofite louvri Bib yo pou preche levanjil e priye nan kay sa. Bondye te touche kè Majistra a ak madanm li. Yo te louvri kè yo e resevwa Jezi kòm sovè yo.

Moun ki te viv eksperyans sa a, pap janm bliye l...

Pafwa nou fache lè nou rankontre difikilte nan lavi nou. Ann reflechi sou sa ki sot rive gwoup la devan pon an bwa ki pa solid la. Pafwa, èske Bondye pa pèmèt difikilte yo nan lavi nou, pou li ka beni lòt moun, oubyen pou li ka kòmanse nan lavi nou yon peryòd de gwo benediksyon ?

# 5 juillet

**Il (Jésus) leur ouvrit l'intelligence pour comprendre les Écritures.** Luc 24. 45

**Il fait toutes choses bien.** Marc 7. 37

## **A la frontière du Guatemala**

*Amérique centrale* : Des étudiants chrétiens de langue espagnole consacrent leurs vacances à l'évangélisation. Ils ont loué un petit car avec lequel ils vont ce jour-là passer la frontière du Guatemala où ils sont attendus pour quelques réunions.

Le poste de douane se trouve de l'autre côté de la rivière, mais ils n'ont pas prévu qu'il leur faut franchir un pont de planches provisoire, de solidité très relative. Le groupe traverse donc à pied pendant que le car, prudemment détourné, va devoir remonter le long de la rivière sur plus de 50 kilomètres pour trouver un autre pont. Cela lui prendra presque la moitié de la journée.

Ils décident donc de profiter de ce contretemps pour se rassembler sur la place principale du village et chanter quelques cantiques. Le maire passe et s'arrête. Il écoute un moment, puis s'approche du groupe et l'invite chez lui pour chanter encore et parler à sa femme qui garde leurs deux enfants malades.

Dans cette maison qui s'est ouverte à eux, nos amis prennent leurs bibles, annoncent l'évangile et prient. Le maire et sa femme sont touchés ; leur cœur s'ouvre pour recevoir la parole de Dieu. Ils déclarent l'un et l'autre qu'ils désirent recevoir Christ dans leur vie.

Expérience inoubliable pour ceux qui l'ont vécue...

Nous trouvons souvent fâcheux les contretemps que nous devons vivre. Mais pensons-y : ne sont-ils pas permis par le Seigneur pour être le point de départ d'une riche bénédiction pour d'autres et pour nous-mêmes ?